

## Avi Rekritman Operatè Optimizasyon Wout

SOIL se yon ONG ki fonde an Ayiti nan 2006 epi li travay pou ogmante aksè a yon fòm sanitasyon ki pozitif pou klima ak yon modèl ki pa selman amelyore sityasyon sante piblik men tou ki aji sou sekirite manje, devlopman ekonomik, e rezilyans ekolojik. Sèvis sanitasyon SOIL aktyelman ap bay plis pase 3500 kliyan nan depatman Nò a yon bon sevis sanitasyon lakay yo ki konekte ak yon sistem tretman ak transfòmasyon. SOIL genyen plan pou agrandi sèvis li pou rive bay plis ke 8000 kliyan nan ane kap vini yo. SOIL se yon ekip 60+ moun ak ekspetiz nan plizye domèn ki enkli biznis sosyal, ekoloji, sanitasyon, sante piblik, agrikilti, finans, relasyon kominotè, maketing, e lot toujou. Aprann pi plis sou travay nou nan [www.oursoil.org](http://www.oursoil.org).

### TRAVAY AK NOU

SOIL ap chèche rekrite yon Operatè Optimizasyon Wout ki kapab bay sipò ak Ekip operasyon teren nan reyalize wout koleksyon ak Ekip IT nan jesyon done ak materyèl IT.

Tit Pos	Operatè Optimizasyon Wout
Lokal Pos	Katye Moren
Tip Pos	Tan Pasyèl
Dat Piblikasyon	2/05/2025
Dat Limit	11 Me 2025
Dat Komansman	1e Jwen 2025

### TACH PRENSIPAL

- Responsab pou'w planifye, òganize epi egzekite tout aktivite ki tonbe nan kad reyalizasyon wout pou koleksyon;
- Byen konnen epi swiv tout endikasyon travay ak pwotokòl ki fèt ki genyen lyen ak responsablite pa'w;
- Asire tout pwotokòl, endikasyon travay, ak kalandriye aktivite yo ap swiv jan sa defini pou Jesyon Pwosesis optimizasyon wout Kolesyon;
- Patisipe nan tout reyinyon ki genyen lyen ak pwogram nan sou demann Sipèvizè pa'w;
- Adapte'w ak bezwen sèvis EkoLakay genyen epi chanjman nan tach ak responsablite pa'w depi Data Analyst la wè sa enpotan;
- Asire'w ou byen konprann sistèm TW/SF, fason manm ekip Vant ak EkoLakay kolekte epi antre done, epi jan sa yo enpakte responsablite travay pa'w;
- Fè mentnans materyèl enfòmatic enfòmatic/ ekip IT, peryodikman
- Diagnostike materyèl IT ki bezwen reparasyon nan fason metodik
- Mete'w disponib nan « weekend » yo si sipèvizè'w gen bezwen pou ou;
- Swiv epi respekte Plan Ijans SOIL nan moman SOIL deklare yon ijans;
- Anonse sipèvizè'w san pèdi tan tout ka iregilarite ki rive pandan operasyon yo;

### Optimizasyon wout



- Aprann epi konprann zouti CART la, kòman li fonksyone nan reyalizasyon wout pou koleksyon;
- Byen konprann e swiv Pwotokòl Optimizasyon Wout ki pral gide travay pa'w ;
- Byen konnen e swiv Pwotokòl Koupe Ak Relanse Sèvis pou reyalize wout diferan yo;
- Travay an kolaborasyon ak sipèvizè'w, Sipevize Operasyon Teren, epi ekip kolektè yo pou asire'w ou jwenn epi kominike bon jan enfòmasyon nan kad travay ou;
- Konprann operasyon koleksyon sou teren, jan sa fèt epi fason wout yo etabli selon kat wout yo;
- Nenpòt enkonvenyan ki genyen nan sistèm la aprè optimizasyon, ou bezwen kontakte sipèvizè w san pèdi tan pou jwenn yon solisyon (Swa wout yo diplike, oubyen lè yon wout pran tan pou egzekite sitou nan moman ijans, kliyan say o konn rantre nan kliyan rate)

## Jesyon Done

- Asire tout done ki pwodi yo nan kad optimizasyon wout byen òganize sou òdinatè a epi gen bakòp pou si gen pwoblèm
- Organize katab google drive gi gen kontenu done archiv CART

## SIPEVIZYON

- Pos sa sipevize direktman pa "Data Analyst"la

## KALIFIKASYON

- Lisans nan Syans Enfomatik
- Eksperyans pou piti 1 an nan sistèm jesyon done ak sistèm enfomatik
- Kapasite pou jere baz done sou excel
- Bon metriz nan Google drive ak Google Sheet
- Eksperyans nan reparasyon laptop (Windows – Mac)
- "Debugging" tablet ak telefòn Android
- Kapab pale ak ekri anglè

## FASON POU APLIKE

Voye dosye aplikasyon pa imel nan [jobs@oursoil.org](mailto:jobs@oursoil.org) ak tit " Operatè Optimizasyon Wout" nan objè imel la.

Dosye yo kapab an Anglè, Kreyol, oswa Fransè epi enkli selman 3 bagay sa yo:

- Let motivasyon ki eksplike entere pa'w epi kalifikasyon pou pos sa
- CV
- Enfòmasyon kontak pou 3 referans pwofesyonel (kandida yo ap enfome avan nou antrean kontak ak referans sa yo)

Note byen ke tout aplikasyon ki pa konplè ak 3 pwen sa yo pap konsidere. Silvouplè pa voye lotdokiman/setifika san nou pa mande pou sa.

**Nou ankouraje Fanm aplike pou pòs sa !**